

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa salah sahiji alat pikeun komunikasi manusa. Ku ayana basa, manusa bisa ngayakeun interaksi jeung manusa séjénna. Tegesna, basa téh digunakeun pikeun nepikeun eusi pikiran, ide-ide, rasa, kahayang jeung sarupaning pamaksudan ka nu lian. Ari basa téh nyaeta sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép-seureuhna (sistematis) tur ragam (konvensional) antara anggota masarakat pikeun tujuan komunikasi (Sudaryat, 2003:1).

Ambahan semantik basa téh ngawengku dua bagian, nya éta semantik léksikal jeung semantik gramatikal. Ulikan semantik Sunda leuwih nyoko kana semantik léksikal, nya éta maluruh harti-harti unsur kabeungharan kecap (léksem) anu aya dina basa sunda.

Katerangan di luhur, ngarojong masarakat Sunda pikeun miara tur ngamekarkeun basa Sunda ku cara dijadikeun bahan pangajaran di sakola-sakola. Anapon, ruang lingkup pangajaran basa Sunda nya éta: (1) pangaweruh ngeunaan katatabasaan jeung kasastraan, (2) kamampuh nyangkem basa jeung sastra Sunda, jeung (3) kaparigelan make basa jeung sastra Sunda, sedengkeun komponén pangaweruh kabasaan jeung kasastraan diantaranya: lafal jeung éjaan (fonologi jeung

grafologi), tata wangun kecap (morfologi), tata kalimah (sintaksis), sarta pilihan kecap jeung ma'na (léksikologi jeung semantik).

Nilik kana pedaran di luhur, katitén yén tujuan ngulik semantik téh pikeun digunakeun dina paélmuan jeung kapentingan sapopoé. Jadi, ngulik semantik téh sangkan miboga dasar-dasar pangaweruh sacara téoritis ngeunaan semantik pikeun digunakeun sacara praktis dina paélmuan jeung kahirupan sapopoé.

Kecap sipat dijadikeun bahan pangajaran di sakola-sakola, ieu mangrupa salah sahiji tarékah pikeun ngamumulé basa Sunda, sangkan siswa nyaho kana ma'na jeung harti kecap sipat. Hal éta sabab teu sakabéh jalma wanoh kana wangun jeung harti kecap sipat.

Panalungtikan nu patali jeung kecap sipat kungsi dilaksanakeun ku Ati Kusmiati (2007) nu judulna “Kecap Sipat Rajékan dina novél *Galuring Gending* Karangan Tatang Sumarsono”. Éta panalungtikan ngabahas kecap sipat rajékan. Ari nu ngabahas kecap sipat tina segi ma'na inherenna atawa leksiko semantis can aya. Ku kituna, panalungtikan nu judulna “Léksiko-Semantis Kecap Sipat Basa Sunda dina Novél *Pipisahan* Karangan R.A.F pikeun Bahan Pangajaran di SMA” perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Disawang tina adeganana, élmu basa sacara gurat badag bisa dibagi tilu bagian, nya éta tata sora (fonologi), tata basa (gramatikal), jeung tata harti (semantik). Tata sora maluruh sora-sora basa anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa; tata basa dibagi dua bagian, nya éta, tata wangun kecap (morfologi) maluruh morfém dina prosésna ngawangun kecap, jeung tata kalimah (sintaksis) maluruh adegan frasa, klausa, jeung kalimah, sarta tata harti (semantik) maluruh perkara harti, harti anu aya dina basa. Ambahan semantik ngawengku dua bagian, nya éta semantik léksikal jeung sémantik gramatikal.

Dumasar kana éta pedaran, masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan ukur medar léksiko-semantis atawa ma'na inheren kecap sipat basa Sunda dina novél *Pipisahan* Karangan R.A.F nu hasilna dipiharep digunakeun pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMA.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, aya sababaraha hal anu kudu ditalungtik. Éta masalah téh bisa dirumuskeun dina wangun kalimah pananya di ieu di handap.

1) Kecap sipat naon waé anu kapanggih dina novél *Pipisahan*?

- 2) Kumaha ma'na léksikal atawa inheren kecap sipat dina éta novél téh?
- 3) Kumaha ma'na léksikal inheren kecap sipat upamana dijadikeun bahan pangajaran di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Saluyu jeung kasang tukang panalungtikan katut rumusan masalah anu geus dipedar di luhur, tujuan ieu panalungtikan téh umumna pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan léksiko-semantis atawa ma'na inheren kecap sipat basa Sunda dina novél *Pipisahan* karangan R.A.F anu diajengkeun pikeun bahan pangajaran di SMA. Sabada ditalaah, dirumuskeun sababaraha usulan alternatif anu dipiharep mangpaat pikeun usaha ngungkab sacara gembeng Léksiko-semantis kecap sipat basa Sunda dina novél *Pipisahan* karangan R.A.F pikeun bahan pangajaran di SMA.

Sacara husus tujuan ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngadéskripsikeun

- 1) sakabéh kecap sipat anu kapanggih dina novél *pipisahan*;
- 2) ma'na léksikal atawa inheren kecap sipat dina éta novél; jeung
- 3) bahan pangajaran ma'na léksikal inheren kecap sipat pikeun siswa SMA.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan léksiko-semantis. Hasil panalungtikan téh dipiharep bisa ngadatangkeun mangpaat anu kacida

gedéna boh keur panalungtik sorangan, boh keur nu maca umumna. Salian ti éta dipiharep ieu panalungtikan aya mangpaatna pikeun hal-hal anu leuwih jembar, nya éta

- 1) mekarkeun Basa Sunda sangkan leuwih hirup jeung maju;
- 2) ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan ma'na léksikal atawa inheren basa Sunda;
- 3) méré katerangan ngeunaan makna léksikal kecap sipat Basa Sunda anu bisa digunakeun pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMA; jeung
- 4) jadi alternatif modél pangajaran makna léksikal kecap sipat basa Sunda di SMA.

1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta salah sahiji bebeneran, téori, atawa pamadegan nu dijadikeun tatapakan dina panalungtikan anu geus teu dipasualkeun deui bener-salahna sarta dina prinsipna bisa ditarima ku sakumna jalma kalawan teu perlu diuji deui (Suyatna, 1994:3).

Anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) basa salawasna diwangun ku dua bagian nya éta bagian lahir atawa wangun jeung bagian batin atawa eusi;
- 2) ambahan semantik basa téh ngawengku dua bagian, nya éta semantik léksikal jeung semantik gramatikal; sarta
- 3) unggal warna kecap lulugu, kaasup kecap sipat ngabogaan ma'na léksikal atawa inheren.

1.6 Wangenan Operasional

Sangkan panalungtikan jelas nyindekelna, aya istilah-istilah dina ieu panalungtikan nu perlu ditétélakeun saperti ieu di handap.

- 1) Léksiko-semantis nya éta kandaga kécap nu mibanda harti nu tangtu dianalisis tina unsur-unsurna.
- 2) Kecap nya éta wangun basa bébas pangleutikna nu ngandung harti; wangun basa pangleutikna anu bisa madég mandiri dina kalimah sarta ngandung harti nu tangtu.
- 3) Kecap sipat nya éta warna kecap anu nuduhkeun sipat atawa kaayaan barang katut gagantina.
- 4) Novél nya éta prosa rékaan (fiksi) nu naratif (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritaana atawa plotna kompleks (ngarancabang).
- 5) bahan pangajaran nya éta eusi anu dibikeun ka siswa dina waktu lumangsungna prosés diajar-ngajar. Ngaliwatan bahan pangajaran ieu siswa dianteurkeun kana tujuan pangajaran.

Jadi, anu dimakduk ku “léksiko-semantis kecap sipat basa Sunda tina novél *Pipisahan* karya R.A.F pikeun bahan pangajaran di SMA” nya éta kecap sipat nu dianalisis tina jihat ma’na inheren, wanda, jeung bahan pangajaranna.

1.7 Méthode jeung Téhnik panalungtikan

1.7.1 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan kacida nangtukeunana dina ngumpulkeun data, nu bakal méré pituduh dina ngalaksanakeun panalungtikan.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta méthode anu bisa ngungkulan pasualan nu aktual ku cara ngumpulkeun jeung nafsirkeun data.

Alesan ngagunakeun méthode deskriptif, lantaran luyu jeung tujuan anu hayang dihontal tina ieu panalungtikan, nya éta hayang ngadéskripsikeun ngeunaan semantik léksikal kecap sipat basa Sunda dina novél *Pipisahan* karangan R.A.F.

1.7.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik dokumentasi atawa analisis téks. Hal ieu dilantarankeun data panalungtikan téh mangrupa data anu tinulis, nya éta novél *Pipisahan* karangan R.A.F.

Tehnik ulikan pustaka digunakeun pikeun meunangkeun informasi atawa pangaweruh ngeunaan kecap sipat dilaksanakeun langsung kana novél *Pipisahan* karangan R.A.F.

1.8 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh ma'na léksiko-semantis kecap sipat basa Sunda dina novél *Pipisahan* karya R.A.F.

